Mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ci waa Ansaar yi ne: "kénn du leen bëgg ku dul way-gëm, te kenn du leen bañ ku dul ab naaféq, ku leen bëgg Yàlla bëgg ko, ku leen bañ Yàlla bañ ko

Jële nañu ci Al-Baraa -yal na ko Yàlla dollee gërëm-: Mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ci waa Ansaar yi ne: "kénn du leen bëgg ku dul way-gëm, te kenn du leen bañ ku dul ab naaféq, ku leen bëgg Yàlla bëgg ko, ku leen bañ Yàlla bañ ko".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne bëgg Ansaar yi di waa Madina, màndarga la ci ngëm gu mat; ngir li ñu jiitu ci dimbali Lislaam ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ak dox ci yiir jullit ni, ak joxe seen alal ak seen bakkan ci yoonu Yàlla, kon bañ leen màndargay naaféq la. Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- leeral ne ku bëgg Ansaar yi Yàlla bëgg ko, ku leen bañ Yàlla bañ ko.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3438